



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE COOPERVISION AP ENVESTI 62 MILYON DOLA
POU DEVLOPE OPERASYON NAN DE LOKAL NAN KONTE MONROE K AP
KREYE PLIS PASE 170 NOUVO DJÒB**

*Fabrikan vè kontak la ap devlope operasyon sant distribisyon li nan West
Henrietta ak operasyon fabrikasyon li nan Scottsville*

*Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji
global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke CooperVision ap devlope operasyon yo nan de lokal separe nan Konte Monroe, k ap kreye jiska 173 nouvo djòb. Pou konplimante yon demann mondyal pou vè kontak li yo ak yon pòtfèy pwodui k ap ogmante, konpayi an ap investi plis pase 38 milyon dola pou renove etablisman aktyèl li a epi elaji anpil, a 150,000 pye kare, etablisman anbalaj ak distribisyon li a sou Thruway Park Drive la nan West Henrietta. Konpayi an ap fini tou yon renovasyon 24 milyon dola nan operasyon fabrikasyon li yo sou North Road nan Scottsville pou akomode pi byen kwasans pwodui aktyèl ak alavni an. Pwojè West Henrietta a ap konplete nan sezon ete 2023. Etablisman fabrikasyon ki modènize a prevwa tou pou li operasyonèl nan fen 2023.

"CooperVision te yon motè ekonomik enpòtan depi lontan pou Konte Monroe ak kominote ki antoure yo lè li bay djòb dekalite pou Nouyòk k ap travay di yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou sipòte investisman konpayi an nan Finger Lakes, n ap kontinye demontre angajman fèm New York pou fasilite kwasans biznis ki inovan k ap ede fè Finger Lakes vanse pou pi devan pou jenerasyon k ap vini yo."

Sant West Henrietta a trete epi anbake apeprè yon milya vè kontak chak ane bay kliyan vè mache Amerik Dinò, Amerik Latin, Ewop, Mwayen Oryan, Afrik, ak Azi Pasifik yo. Nan kad angajman li pou sante ak sekirite mendèv, responsablite anviwònmantal, ak enèji renouvlab, CooperVision prevwa chèche sètifikasyon Lidèchip nan Enèji ak Konsepsyon Anviwònmantal (Leadership in Energy and Environmental Design, LEED) nan kad ekspansyon an. Aktyèlman, tout enstalasyon konpayi an atravè reyon Greater Rochester a alimante pa 100 pousan enèji renouvlab.

CooperVision, ki te fonde an 1980, yon divizyon CooperCompanies, se 2yèm pi gwo fabrikan vè kontak nan mond lan. Konpayi a pwodui yon gam pwodui jetab konplè ak vè

kontak soup pa mwa, ki disponib nan plis pase 130 peyi, ki genyen materyèl ak optik avanse, ak lantiy ki rijid, ki pèmeyab ak gaz, kalite siperyè pou òtokeratoloji ak konsepsyon skleral. Konpayi a fè rechèch ak devlopman kontini ki pwolonje nan optik epi li kolabore deprè ak pwofesyonèl swen zye yo ki ede idantifye bezwen vè kontak k ap evolye pou moun ki mete yo nan mond lan. Nan mwa septanm 2021 yo te nonmen CooperVision kòm youn nan meyè espas Fòtin ki pi gwo nan fabrikasyon ak pwodiksyon.

Mendèv lokal aktyèl konpayi an genyen ladan l plis pase 1,000 anplwaye nan biwo prensipal li nan Victor, Konte Ontario, nan etablisman fabrikasyon an nan Scottsville ak sant anbalaj ak distribisyon an nan West Henrietta. CooperVision anplwaye plis pase 12,000 moun, nan nivo mondyal.

Prezidan CooperVision, Jerry Warner te deklare, "Sit West Henrietta nou an se youn nan pi gwo sant distribisyon ki avanse sou plan teknolojik nan kalite sa. Chak jou, ekip nou an—ki ede pa inovasyon tankou wobo mobil otonòm ak afichaj pòtab antèt—anbale, estoke, epi chaje plizyè milyon vè kontak bay pwofesyonèl swen zye ak konsomatè nan plizyè peyi. Envestisman nan kapasite anbalaj siplemantè, teknoloji estokaj, ak solisyon jesyon depo ajou yo amelyore repitasyon sèvis kliyan dènye kri nou an nan seltè a. Li esansyèl pou nou anbrase epi mete anplas teknoloji ki sofistike pou etablisman fabrikasyon lantiy kontank nou nan Scottsville, ki se yon pyè presye nan rezo sit pwodiksyon mondyal nou an. Nou kontan anpil pou opòtinite pou kontinye teknoloji nou an ak investisman nan anplwaye nan rejyon Finger Lakes la."

Empire State Development ap asiste konpayi an ak kwasans kontini li nan rejyon an lè li bay jiska 1.5 milyon dola nan Kredi Taks Excelsior ki baze sou pèfòmans nan chak sit pwojè a kòm echanj pou angajman pou kreyasyon travay konpayi an. RG & E, Konte Monroe ansanm ak Antrepriz Greater Rochester (Greater Rochester Enterprise, GRE) ap bay asistans tou pou ekspansyon konpayi an.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè pa enterim Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Ekspansyon ki planifye, investisman ak angajman CooperVision anvè Konte Monroe demontre opòtinite pou kwasans ekonomik nan rejyon Finger Lakes. Pwojè inonvan sa yo pa sèlman benefisye mendèv kalifye epi ki gen talan zòn nan, men l ap konstui yon ekosistèm teknik k ap kreye djòb pi plis alafwa kounye a ak pou lavni."

Patrick Gallivan, ki se Senatè Eta, te deklare, "Angajman CooperVision pou devlope epi investi nan Konte Monroe ap bay opòtinite travay pou rezidan nan Rejyon Finger Lakes la epi reponn ak kwasans ekonomik kontini zòn nan. Mwen felisite lidè konpayi yo epi mwen swete yo siksè kontini."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Chwa CooperVision pou devlope isit la nan Konte Monroe montre vitalite ak kwasans ekonomik rejyon nou an favorize san rete. Antanke Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Asanble a, mwen fyè pou wè kalite investisman sa yo ki fèt isit lakay. Djòb ekspansyon sa kreye ap ede asire ke plis travayè

ki kalifye ki soti nan kolèj ak inivèsite lokal nou yo rete isit la nan Konte Monroe. Sa a se yon viktwa pou tout kominote nou an."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Konte Monroe fyè pou sipòte pwojè ekspansyon CooperVision, k ap abouti nan kreyasyon plis pase 170 djòb. Angajman CooperVision nan Konte Monroe montre ke nou genyen mendèv ki nesèsè pou reponn ak demann biznis wot teknoloji jodi a yo epi ajoute sou dinamis nou, pandan rejyon an ap fè tranzisyon an yon sant mondyal pou teknoloji ak inovasyon. Mwen remèsye CooperVision, Gouvènè Kathy Hochul ak Empire State Development pou investisman kontini yo nan ekonomi lokal nou an."

Sipèvizè Komin Henrietta a Stephen L. Schultz te deklare, "CooperVision te yon gwo anplwayè nan Henrietta pandan dè zane, kidonk li bon pou n wè y ap pwospere epi elaji prezans yo nan Henrietta."

Majistra Vilaj Scottsville, Maggie Ridge te deklare, "CooperVision se yon bon vwazen ak patnè epi l ap kontinye yon bon vwazen ak patnè nan Vilaj Scottsville. Investisman tankou sa yo enpòtan pa sèlman pou travay yo kreye, men antanke prèv solid angajman yo pou rete nan Scottsville ak nan Eta New York."

Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif NYSEG ak RG&E, Carl A. Taylor, te deklare, "Mwen felisite CooperVision pou kwasans kontini ak lidèchip yo nan teknoloji inovan ak kreyasyon djòb nan kominote nou an. Ekspansyon etablisman CooperVision lan se yon egzanp prensipal de kwasans ki respekte anviwònman ke n ap chèche pou vin yon patnè komèsyal estratejik."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a ak Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, te deklare, "Antanke youn nan fabrikan lidè vè kontak nan mond lan, CooperVision se yon gwo istwa siksè pou rejyon nou an. Ekspansyon ak kreyasyon 170 nouvo djòm souliyen reyalyte ke Greater Rochester se yon kote ke konpayi entelijan yo ka pwospere. Nou remèsye Prezidan Jerry Warner ak ekip CooperVision an dèske yo kontinye envesti nan rejyon ak moun nou yo ak ekspansyon pasyonan sa."

Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Ekspansyon CooperVision an ranfòse wòl rejyon Greater Rochester, NY lan antanke lidè mondyal nan optik fotonik, ak imajri, ki sipòte pa yon mendèv kalifye, yon chèn apwovizyonman ki entegre, ak depans pou fè biznis nan pri ki abòdab. Nou espere travay ansanm CooperVision yo pandan y ap kontinye devlope prezans yo nan kominote sa."

CooperVision, yon divizyon CooperCompanies, se youn nan fabrikan lidè vè kontak nan mond lan. Aprann plis sou CooperVision nan www.coopervision.com.

CooperCompanies se yon konpayi aparèy medikal mondyal, ki fonksyone atravè de inite, CooperVision ak CooperSurgical. Aprann plis sou CooperCompanies nan www.coopercos.com.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon “I LOVE NEW YORK”, mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)